**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республики Дагестан**

**ГКУ РД "ЦОДОУ ЗОЖ"**

**ГКОУ РД "Самилахская СОШ Хунзахского района"**

СОГЛАСОВАНО

Заместитель директора по УВР

________________

П.А.Гаджиева

УТВЕРЖДЕНО

Директор

________________

М.М.Алиева

Приказ №

от ____ 09 2023 г.

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

(ID3084635)

**учебного предмета « Родная литература»(аварская)**

для обучающихся 1-4

**Самилах 2023**

## ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН

### 4 КЛАСС (18сагIат, 2 анкьида жаниб 1 саг1ат)

| Тема | Темаялъе баян | Гьаризе кколел хIалтIабазул тайпаби |
|---|---|---|
| Литературияб цIа-лиялъул байбихьул дарс (1 сагIат) | Литературияб цIалул учебникалъулгун лъай-хъвай гьаби. Учебникалъул шартIиял ишараби. Учебникалда жаниб бугеб материалалъулгун лъай-хъвай гьаби. Словарь. ТIехь гIуцIараб къагIидаялъулги гьенир ругел суаратазулги хал гьаби.<br>МагIарулазул хIакъалъулъ кечI.<br>КечI рекIехъе лъазаби. | Литературияб цIалул тIехь лъикI лъазе.<br>Иллюстрациязухъ (ай суратазухъ) лъикI балагьизе, учебникалъулъ ругел текстазул хIасилазда гьел суратал рухьизе.<br>Кьурал тIадкъаял тIуразарулаго, шартIиял ишараби лъазе ва гьездаса пайда босизе. Учебникалъулъ къваригIараб тема ва къваригIараб асар батизе; 1 – 3 классазда цIаларал асарал хъварал хъвадарухъабазул ва шигIирзабазул фамилия, цIар ва инсул цIар лъазе.<br>Темаялъулъ кьураб материал гьелъул цIаралда бухьараб букIин чIезабизе.<br>Щибаб тексталъул ахиралда кьурал рагIабазул лексикияб магIна баян гьабизе.<br>КечI рекIехъе цIализе. |
| Бищунго кьарияб жо – рии, бищунго бечедаб жо – хасалихълъи (1саг1ат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Роол ва хасалихълъиялъул хIакъалъулъ рагIул устарзабаз хъварал асарал. Риидал рукIарал рекIелгъеязул ва хIухьбахъиялъул, хаслихъе хурул ва ахил бачIин рукъалде буссинабиялъулъ цIалдохъабаз гьабулеб гIахьаллъиялъул гара-чIвари. План гIуцIи. Героязе характеристика кьей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тIобитIулеб хIалтIул план гьабизе.<br>Риидал цIаларал тIахьазул хIакъалъулъ бицине.<br>Художествияб асарал гIенеккун ричIчIизе.<br>Текстал пасихIго цIализе, гьезул хIасил бичIчIизе.<br>Асаразулъ колел лъугьа-бахъиназда хадуб халкквезе.<br>Жидецаго план гIуцIизе.<br>КIудияб асаразул хIасил цIи гьабун бицине.<br>БицанкIабазе жавабал кьезе, кицабазул магIна бицине.<br>Хасалихълъиялъул хIакъалъулъ шагIирзабаз хъварал асарал дандекквезе, рекIее гIураб тIасабищизе, щай гьеб жинца тIасабищарабали |

| | | |
|---|---|---|
| | Авторасул бугеб бербалагъи загъир гъаби. | бичIчIизабизе.<br>БатIи-батIияб жанраялъул асаразул героязе характеристика кьезе.<br>Сверухъ бугеб тIабигIаталдехун ва жиндирго герояздехун авторасул бугеб бербалагъи загъир гъабизе.<br>Асаразда жанир кколел лъугъа-бахъиназул, героязул, сверухъ бугеб тIабигIаталъул сипат-сурат цебечIезабулел рагIаби ратизе.<br>Авторазул пикрабаздехун, асаразул герояздехун жидер бугеб бербалагъи загъир гъабизе. |
| Дунги дир гъалмагъзабиги (1 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гъаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин. Лъималазул гIумруялъул, гъез гъабулеб гъудул-гъалмагълъиялъул, захIматалдехун гъезул бугеб гъоркьоблъиялъул бицунел харбал, кучIдул, маргъаби ва кицаби. Асаралъул жанр. Асаралъе кьураб цIаралъул анализ гъаби. РагIабазул битIараб ва хъвалсараб магIна чIезаби. Героясе къимат кьей. Текст цо лъилниги рахъалдасан бицин. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Темаялда хурхарал кицабазул магIна баян гъабизе.<br>Художествиял асарал гIенеккун ричIчIизе.<br>Текстал пасихIго цIализе, гъезул хIасил бичIчIизе.<br>ЦIалараб асаралъул хIасил рухIиябгин эстетикияб букIин бичIчIизе.<br>Асаралъул жанр чIезабизе.<br>Асаралъе кьураб цIаралъул анализ гъабизе, асаралъул темаялда ва гъелъул аслияб пикруялда гъеб цIар бухьинабизе.<br>РагIабазул битIараб ва хъвалсараб магIна чIезабизе.<br>Жинца гъарулел ишаз асаралъул героясе къимат кьолеблъи бичIчIизе.<br>Текст авторасул рахъалдасан яги героязул цоясул рахъалдасан бицине. |
| ТIабигIат цIуни (2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гъаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин. ГIагараб тIабигIат, рухIчIаголъаби ва рохьал | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тIобитIулеб хIалтIул план гъабизе.<br>Художествияб асар гIенеккун бичIчIизе, жидерго пикру загъир гъабизе.<br>Текст рагIун ва сасун цIализе, цIалараб жоялъул хIасил бичIчIизе. |

| | | |
|---|---|---|
| букIунареб (2 сагIат) | материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин. Халкъазул вацлъиялъул ва гъудуллъиялъул бицунел кучIдул, харбал ва маргъаби. Асаралда тIасан жиндирго пикру загъир гъаби. Асаразул героязул ишазе къимат кьей. | Художествияб асар пасихIго цIализе ва гъелъул хIасил гIенеккун бичIчIизе. Асаразул кIвар бугел ва жалго жидедаго чIарал гIадал лъугьа-бахъинал цIализе. Авторасул тексталдаса пайдаги босун, вацлъиялъул ва гъудуллъиялъул хIакъалъулъ хабар гIуцIизе. ЦIалараб асаралда тIасан жиндирго пикру загъир гъабизе. Асаразул героязул ишазе къимат кьезе. |
| Хасел (2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гъаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин. Хасалил тIабигIаталъул хIакъалъулъ рагIул устарзабаз хъварал асарал. КучIдул дандекквей, гъел рекIехъе лъазари. Хасалил тIабигIаталъул суратал рахъи. Текстазулъ пасихIал, рекIелъе роргулел мацIалъул алатал рихьизари. Героязул гIамал-хасияталъе ва рагIабазе къимат кьей. Кициялъул магIна асаралъул хIасилалда бухьин. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тIобитIулеб хIалтIул план гъабизе. Художествияб асаралъул хIасил гIенеккун бичIчIизе. Хасалил хIакъалъулъ магIарул шагIирзабаз хъварал кучIдул пасихIго цIализе ва дандекквезе; гъел рекIехъе лъазаризе. Асаразул текстазде мугъги чIван, хасалил тIабигIаталъул суратал рахъизе (бицун). ХIасилалда тIасан кьурал суалазе къокъго жавабал кьезе. Лирикиял текстазулъ пасихIал, рекIелъе роргулел мацIалъул алатал рихьизаризе. Поэзиялдасан кеп босизе, гьеб бичIчIизе ва бокьизе. ГIумруялдехун, гIадамаздехун ва тIабигIаталдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе. Героязул гIамал-хасияталъе ва рагIабазе къимат кьезе, героздехун ва гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъиназдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе. Авторас загьир гьарурал рекIел хIалалъул хиса-басиял кьолаго, кучIдул пасихIго цIализе. БицанкIабазе жавабал ратизе. Кициялъул магIна асаралъул хIасилалда бухьине. |

| | | |
|---|---|---|
| | цIуниялъул хIакъалъулъ рицунел харбал, кучIдул ва маргъаби. Жидерго пикру загьир гьаби. Асаралъе кьураб цIаралъул анализ гьаби. Асаралъул героясе кьимат кьей. Хабаралъул рухIияб бечелъи бихьизаби. Тема чIезаби. Текст бутIабазде биххи. | Асаралъе кьураб цIаралъул анализ гьабизе.<br>Гьарулел ишазде балагьун, асаралъул героясе кьимат кьезе.<br>Герояздехун авторасул бугеб бербалагьи загьир гьабизе.<br>Автораз рагIабазул кумекалдалъун тIабигIаталъул берцинлъи бихизабулеб куцалъухъ балагьизе.<br>Хабаралъул рухIияб бечелъи бихьизабизе.<br>Тема чIезабизе, темаялъул аслияб пикру загьир гьабизе.<br>Текст бутIабазде биххизе.<br>Текст тIаса бищун ва мухIканго цIидасан бицине.<br>Темаялда тIасан кIалъазе.<br>Тексталъулъ ругел диалогал пасихIго цIализе. |
| ЛъикIабин сунда абулеб, квешабин сунда абулеб?(1 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин. ГIадамазул гьоркьорлъабазул, унго-унгоял гьудулзабазул ва гьалмагъзабазул, лъикIабги квешабги хьвада-чIвадиялъул, яхI-намусалъул хIакъалъулъ рицунел харбал, кучIдул, маргьаби, кицаби, бицанкIаби ва абиял. Асаразул жанр. Асаралъул тема ва гьелъул аслияб пикру. Героясе кьимат кьей. Асаралъул инсценировка. Тексталъул план гIуцIи. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>БицанкIабазе жавабал ратизе, кицабазул ва абиязул магIна загьир гьабизе.<br>Художествияб асар гIенеккун бичIчIизе; гьалатIал риччачIого, кIалзул каламалъул хехлъиялда текстал цIализе.<br>ЦIалараб асаралъул хIасил рухIиябгин эстетикияб букIин бичIчIизе.<br>Асаралъул жанр чIезабизе.<br>Асаралъе кьураб цIаралъул анализ гьабизе, асаралъул темаялда ва гьелъул аслияб пикруялда гьеб цIар бухьинабизе.<br>Жинца гьарулел ишаз асаралъул героясе кьимат кьолеблъи бичIчIизе.<br>Ролаздеги бикьун, асаралъул инсценировка гьабизе.<br>Тексталъул план гIуцIизе.<br>Планалда рекъон тексталъул хIасил бицине. |
| Гьудуллъиялъ бахъулареб хъала | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тIобитIулеб хIалтIул план гьабизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | Асаразул героязе характеристика кьей. Текст бутIабазде бихxи. | хIакъалъулъ хъварал кучIдул данде кквезе.<br>Кицабазул магIна бицине.<br>БицанкIабазе жавабал кьезе.<br>КечI рекIехъе лъазабизе.<br>Гьарурал ишазде балагьун, асаразул героязе характеристика кьезе.<br>Асаразулъ ихдалил гIаламатал рихьизаризе, ихдалил тIабигIаталъул сурат бахъизе.<br>Текст бутIабазде бихxизе.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъезе. |
| Нилъер адабият ва маданият (2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин. РухIияб ва материалияб маданияталъул, рукIа-рахъиналъул, захIматалъул, хьвада-чIвадиялъул, адабияталъул хаслъабазул, къагIидабазул, гIадатазул, гIумру гьабулеб куцалъул хIакъалъулъ бицунел асарал. МагIарул устарзабазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул (ГIоцIалъ, Унсоколо, РахатIа, ГIанди). План гIуцIи. Цо сундехунниги хъвадарухъабазул ва шагIирзабазул бугеб бербалагьи загьир гьаби. Асаразул героязе характеристика кьей. Героязул ишал цоцазда дандекквей. Сурат гьабун, бихьизабулел искусствоялъулал ва кIалзулал асарал дандекквей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тIобитIулеб хIалтIул план гьабизе.<br>Художествиял асаразул хIасил гIенеккун бичIчIизе; кIалзулаб каламалъул хехлъиялда текстал цIализе, гьезул хIасилазул магIна босизе.<br>Жидецаго план гIуцIизе.<br>КIудиял асаразул хIасил жидерго рагIабаздалъун цIидасан бицине.<br>Нилъер маданияталдехун, рукIа-рахъиналдехун, захIматалдехун, хьвада-чIвадиялдехун, адабияталдехун, гIадатаздеху ва гIумруялдехун хъвадарухъабазул ва шагIирзабазул бугеб бербалагьи загьир гьабизе.<br>Асаразул героязе характеристика кьезе (гьезул сипат-сурат, хасаб тIабгI, хасият-гIамал, калам ва гьез гьарулел ишал рихьизаризе). Лъугъа-бахъиналъе ва героязе характеристика кьолел рагIаби ва предложениял тестазулъ ратизе. Художествияял асаразул героязул ишазул анализ гьабизе ва гьел ишал ритIухъ гьаризе гIилла бачине. Героязул ишал цоцазда дандекквезе.<br>Герояздехун авторасул ва жидерго бугеб бербалагьи тIатинаби.<br>Сурат гьабун, бихьизабулел искусствоялъулал |

| | | |
|---|---|---|
| Халкъияб кӀалзул гъунаралъул асарал (2 сагӀат) | Темаялда лъураб цӀаралъулгун лъай-хъвай гъаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букӀине кколебали цебеккунго бицин. Аваразул ва цогидал миллатазул маргъаби, кицаби, абиял ва биценкӀаби. Халкъиял ва литературиял маргъаби дандекквей. Текстазул тайпаби. Литературиял маргъабазул хаслъаби. Маргъабазул героял. Текст бутӀабазде биххи. План гӀуцӀи. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букӀине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тӀобитӀулеб хӀалтӀул план гъабизе. Асарал цӀализе ва цӀаларал асаразул хӀасил гӀенеккун бичӀчӀизе. БиценкӀабазе жавабал кьезе, кицабазул ва абиязул магӀна баян гъабизе. Халкъиял ва литературиял маргъаби дандекквезе. Текстазул тайпаби рихьизаризе. Литературиял маргъабазул хаслъаби лъазе. Маргъабазул героязул хӀакъалъулъ бицине. Асаралъул аслияб пикруги гьелда лъураб цӀаралъул магӀнаги загьир гъабизе. Текст бутӀабазде биххизе. Аслиял лъугьа-бахъиназде балагьун, маргъаялъул план гӀуцӀизе. Планалда рекъон мухӀканго яги тӀасабищун маргъаялъул хӀасил бицине. Темаялда тӀасан щвараб лъаялъе жинцаго къимат лъезе. |
| ТӀабигӀат берцинаб их (2 сагӀат) | Темаялда лъураб цӀаралъулгун лъай-хъвай гъаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букӀине кколебали цебеккунго бицин. Ихдалил тӀабигӀат чӀаголъулеб куцалъул, гьелъул берцин-лъиялъ гъабулеб асаралъул, ихдалил байрамазул бицунел асарал. Аслияб пикру жидерго рагӀабаздалъун загьир гъаби. ПасихӀал, рекӀелъе ртулел мацӀалъул алатал кучӀдузулъ, кицабазулъ ва биценкӀабазулъ рати. ШигӀрияб тексталъул ритм. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букӀине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тӀобитӀулеб хӀалтӀул план гъабизе. Художествиял асаразул хӀасил гӀенеккун бичӀчӀизе; жиндирго пикру загьир гъабизе. Текстал рагӀун ва сасун цӀализе, цӀалараб жоялъул магӀна бичӀчӀизе (ай аслияб пикру жидерго рагӀабаздалъун загьир гъабизе). Авторасул рекӀел хӀалги гьес бижизабураб тӀабигӀаталъул суратги бихьизабизе кумек гъабулел рагӀаби кучӀдузулъ ратизе. ПасихӀал, рекӀелъе ртулел мацӀалъул алатал, дандекквеял, матафорал, эпитетал кучӀдузулъ, кицабазулъ ва биценкӀабазулъ ратизе. ШигӀрияб тексталъул ритмаялда хадуб халкквезе. БатӀи-батӀиял шагӀирзабаз ихдалил |

| | | |
|---|---|---|
| | Адабияталъул ва маданияталъул хIакъалъулъ жидерго пикру загьир гьаби. | ва кIалзулал асарал дандекквезе.<br>Нилъер адабияталъул ва маданияталъул хIакъалъулъ жидерго пикру загьир гьабизе. |
| МугIрузул улка (2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин. Дагъистаналъул мацIазул, халкъазул тарихалъул, эркенлъиялъе гIоло къеркьарал бахIарзазул (Шамилил, ГъазимухIамадил, ХIамзатил ва гь.ц.) биографиялъул хIакъалъулъ бицунел асарал. ШигIрияб тексталъул хаслъи. Героязул сипат-суратал, гьезул ишал ва гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъинал дандекквей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тIобитIулеб хIалтIул план гьабизе.<br>Художествиял асаразул хIасил гIенеккун бичIчIизе.<br>Умумаздехун жидер бугеб чIухIи бихьизабулаго, кучIдул пасихIго цIализе.<br>ШигIрияб тексталъул хаслъи бичIчIизе.<br>ЦIаларал асараздаса пайдаги босун, Дагъистаналъул тарихалъул, эркенлъиялъе гIоло къеркьарал бахIарзазул хIакъалъулъ бицине.<br>ВатIаналдехун, гьелъул цIар рагIарал бахIарзаздехун бугеб жидерго рекIел хIал, жидерго бербалагьи загьир гьабулаго, харбал гIуцIизе.<br>БатIи-батIиял асараздаса цоцада дандекколел героязул сипат-суратал, гьезул ишал ва гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъинал дандекквезе. |